

Fèy enfòmasyon sa a bay repons pou pifò kesyon moun poze souvan (FAQs) sou sante konsènan asenik. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Sant Enfòmasyon CDC (CDC Information Center) nan nimewo 1-800-232-4636. Fèy enfòmasyon sa a se youn nan yon seri rezime sou sibstans danjere ak efè yo genyen sou sante. Li enpòtan pou ou konprann enfòmasyon sa yo paske sibstans sa a ka danjere pou ou. Lè ou ekspoze nan nenpòt sibstans danjere, efè li depannde dòz la, kantite tan ou ekspoze ladan, kijan ou ekspoze ladan, karakteristik pèsònèl ou ak abitud ou, epitou si gen lòt sibstans chimik ki la lè ou ekspoze ladan.

REZIME: Moun ekspoze souvan nan nivo asenik ki pi wo pase nivo mwayen an nan espas travay yo, toupre kote ki gen dechè danjere, oswa nan zòn kote nivo natirèl yo wo. Nan nivo ki wo yo, asenik ki pa òganik kapab lakòz lanmò. Si yon moun ekspoze nan nivo ki ba anpil pandan anpil tan sa kapab lakòz po moun nan pèdi koulè epitou sa kapab lakòz ti kò oswa veri parèt sou po moun. Yo te jwenn asenik nan omwen 1,149 sou 1,684 chantye nan Lis ki Gen Priorite Nasyonal [National Priorities List (NPL)] Ajans Pwoteksyon Anviwònman [Environmental Protection Agency (EPA)] te idantifye.

Kisa asenik ye?

Asenik se yon eleman ki egziste nan lanati epi ki repati anpil nan kwout latè. Nan anviwònman an, asenik melanje avèk oksijèn, klò, ak souf pou fòme konpoze asenik ki pa òganik. Asenik sou bèt ak plant yo melanje avèk kabòn ak idwojèn pou fòme konpoze asenik òganik.

Yo itilize konpoze asenik ki pa òganik sitou pou konsève bwa. Yo itilize aseniyat kuiv kwomate (CCA) pou fè bwa konstwiksyon ki "trete avèk presyon". Yo pa itilize CCA anò nan Etazini pou konstwiksyon kay; yo toujou itilize li nan aplikasyon endistriyèl yo. Yo itilize konpoze asenik òganik yo kòm pestisid, sitou nan chan koton ak vèje.

Kisa k ap pase asenik lè li antre nan anviwònman an?

- Asenik egziste nan lanati nan tè ak nan mineral yo, epi li ka antre nan lè a, nan dlo, ak nan tè ki nan pousyè van soufle, epitou li ka antre nan dlo ki soti nan ekoulman ak lesiv.
- Asenik pa kapab detwi nan anviwònman an. Li kapab chanje fòm li sèlman.
- Lapli ak nèj retire patikil pousyè asenik nan lè a.
- Anpil konpoze asenik komen kapab fonn nan dlo. Pifò asenik ki nan dlo ap finalman ale nan tè oswa nan sediman.
- Pwason ak fwidmè kapab akimile asenik; pifò asenik sa a se yon fòm òganik ki rele asenobetèn ki mwen danjere.

Kijan mwen ta ka ekspoze nan asenik?

- Si ou absòbe kèk ti kantite ki prezan nan manje ou ak nan dlo ou oswa si ou respire lè ki gen asenik.
- Si ou respire rip bwa oswa si ou boule lafimen nan bwa ki trete avèk asenik.
- Si w ap viv nan zòn ki gen nivo asenik natirèl ki wo yon fason iregilye nan wòch yo.
- Si w ap travay nan yon djòb ki gen pou wè ak pwodiksyon oswa itilizasyon asenik, tankou fizyon kuiv oswa plon, tretman bwa, oswa aplikasyon pestisid.

Kijan asenik kapab afekte sante mwen?

Si ou respire nivo wo asenik ki pa òganik sa kapab ba ou yon gòj fèmal oswa poumon irite.

Si ou absòbe nivo asenik ki wo anpil sa kapab lakòz ou mouri. Si ou ekspoze nan nivo ki ba anpil sa kapab lakòz ou gen kèplen ak vomisman, diminisyon pwodiksyon globil wouj ak globil blan, ritm kè anòmal, domaj nan veso sangen yo, ak yon sansasyon "foumi" nan men ak pye.

Si ou absòbe oswa respire nivo ba asenik ki pa òganik pou yon tan ki long sa kapab lakòz po kò ou vin nwa ak aparans yo "kò" oswa "veri" nan plamen ou, nan plant pye ou, ak nan tòs ou.

Kontak po kò ou avèk asenik ki pa òganik ka lakòz po kò ou vin wouj ak anfle.

Nou prèske pa konnen anyen konsènan efè konpoze asenik òganik sou sante moun. Etid yo fè sou bèt montre kèk konpoze asenik òganik senp mwen toksik pase fòm ki

Asenik

CAS # 7440-38-2

pa òganik yo. Si yon moun absòbe konpoze metil ak etàn sa kapab lakòz li gen dyare ak domaj nan ren.

Kijan asenik kapab lakòz kansè?

Anpil etid yo fè montre absòpsyon asenik ki pa òganik kapab ogmante risk pou moun gen kansè po ak kansè nan fwa, blad-pipi, ak poumon. Si ou rale asenik ki pa òganik nan nen ou sa kapab lakòz ou pi arisk pou gen kansè poumon. Depatman Sante ak Sèvis Sosyal [Department of Health and Human Services (DHHS)] ak EPA detèmine asenik ki pa òganik se yon sibstans yo konnen ki kapab lakòz moun gen kansè. Ajans Entènasyonal pou Rechèch sou Kansè [International Agency for Research on Cancer (IARC)] detèmine asenik ki pa òganik se yon sibstans ki kapab lakòz moun gen kansè.

Kijan asenik kapab afekte timoun yo?

Gen kèk prèv ki montre si yon timoun ekspoze pandan anpil tan nan asenik sa ka lakòz eskò IQ li pi ba. Gen kèk prèv ki montre tou si timoun yo ekspoze nan asenik depi lè yo nan vant manman yo ak lè yo piti sa ka ogmante mòtalite a sou jèn adilt yo.

Gen kèk prèv ki montre lè fanm ansent rale asenik nan nen yo oswa lè yo absòbe li sa kapab lakòz yo-menm oswa tibebe yo ki poko fèt yo pran chòk, menmsi etid yo pa final. Etid yo fè sou bèt montre gwo dòz asenik ki lakòz maladi sou femèl bèt yo ki plenn yo, sa kapab lakòz tou ti bèt yo fèt avèk yon ti gwozè, malfòmasyon fetis, menm lanmò fetis yo. Asenik kapab travèse plasanta a epi yo te jwenn li nan tisi fetis yo. Yo jwenn asenik nan nivo ki ba nan lèt manman.

Kijan fanmi yo kapab redui risk pou yo ekspoze nan asenik?

- Si ou itilize bwa ki trete avèk asenik nan pwojè lakay ou, ou ta dwe mete mask pousyè, gan, ak rad pwoteksyon pou diminye nivo w ap ekspoze nan rip bwa a.
- Si w ap viv nan zòn ki gen nivo asenik ki wo nan dlo oswa nan tè, ou ta dwe itilize sous dlo ki pi pwòp epitou ou ta dwe limite kontak ou avèk tè a.

- Si w ap travay nan yon djòb ki ka ekspoze ou nan asenik, toujou sonje ou ka pote asenik lakay ou sou rad ou, sou po kò pi, nan cheve ou, oswa nan zouti ou. Sonje pou benyen nan douch epi pou chanje rad ou anvan ou ale lakay ou.

Èske gen yon tèl medikal pou detèmine si mwen te ekspoze nan asenik?

Gen tèl ki disponib pou mezire asenik ki nan san ou, nan pipi ou, nan cheve ou, ak nan zong ou. Tèl pipi a se tèl ki bay pi bon rezilta pou lè ou ekspoze nan asenik nan dènye kèk jou yo. Tèl nan cheve ak nan zong kapab mezire nan ki nivo asenik wo ou te ekspoze nan dènye 6-12 mwa yo. Tèl sa yo kapab detèmine si ou te ekspoze nan nivo asenik ki depase mwayèn nan. Tèl yo pa kapab prevwa si nivo asenik ki nan kò ou ap afekte sante ou.

Èske gouvènman federal la te fè rekòmandasyon pou pwoteje sante moun?

EPA fikse limit sou kantite asenik sous endistriyèl yo kapab degaje nan anviwònman an epi li limite oswa anile anpil itilizasyon asenik nan pestisid yo. EPA gen yon limit fiks 0.01 pati pou chak milyon (ppm) pou asenik ki nan dlo pou bwè.

Administrasyon pou Sekirite ak Sante nan Travay [Occupational Safety and Health Administration (OSHA)] fikse yon limit akseptab pou ekspoze (PEL) ki se 10 mikwogram asenik pou chak mètr kib lè ki nan espas travay (10 µg/m³) pou yon peryòd travay 8 èdtan ak semèn travay 40 èdtan.

Referans

Agency for Toxic Substances and Disease Registry (ATSDR). 2007. Toxicological Profile for Arsenic (Update). Atlanta, GA: U.S. Department of Health and Human Services. Public Health Service.

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Agency for Toxic Substances and Disease Registry, Division of Toxicology and Human Health Sciences, 1600 Clifton Road NE, Mailstop F-57, Atlanta, GA 30333.

Telefòn: 1-800-232-4636, FAKS: 770-488-4178.

ToxFAQs™ Adrès Entènèt nan WWW se <http://www.atsdr.cdc.gov/toxfaqs/index.asp>.

ATSDR kapab fè ou konnen kote pou jwenn klinik sante nan travay ak anviwònman. Espesyalis yo kapab rekonèt, evalye, epi trete maladi moun pran lè yo te ekspoze nan sibstans danjere. Ou kapab kontakte depatman sante kominotè oswa depatman sante eta a oswa depatman kalite anviwònman si ou gen nenpòt lòt kesyon oswa enkyetid.